

KOMPETÉNSI BASA (SINTAKSIS, SEMANTIK, FONOLOGI)

Kompetensi mangrupa “kamampu” anu eusina ngawengku kaweruh (kognitif), kamaheran (psikomotor), jeung ajén-ajén (afektif) dasar, anu diébréhkeun (direfléksikeun), kana kabiasaan mikir jeung milampah. Ari kabiasaan mikir jeung milampah kalawan ajeg (konsistén) tur sinambung (kontinyu) bisa ngawujudkeun siswa jadi mampu (kompotén) pikeun milampah hiji hal

- Basa téh nya éta alat anu dipaké ku manusia pikeun nepikeun maksud ka jalma lian atawa ka diri sorangan boh sacara lisan, tulisan, atawa isarah (Taufik Faturohman 1982: 1)
- Basa mangrupa hiji sistem lambang sora (*bunyi*) anu sifatna arbiter. Pamadegan ieu ditepikeun ku para pakar Lingustik.

Asal-Usul Basa

Numutkeun filsuf Prancis basa téh asalna tina *teriakan-teriakan* jeung gerak badan anu sifatna naluri anu hudangna ku perasaan atawa émosi anu kuat (F.B. Condillac). Saméméh aya téori ieu anu ditepikeun ku Condillac, loba anu percaya yén basa téh asalna ti pangéran nya éta Allah SWT, hal ieu utamana ditepikeun ku para ahli agama.

Fungsi Basa

- Pikeun alata interaksi sosial, dinaharti alat pikeun nepikeun pikiran, gagasan, konsep atawa perasaan (Chaer, 1995). Dina hal ieu Wardhaugh (1972) salahsahiji pakar sosiolinguistik anu nyebutkeun yén fungsi basa téh alat komunikasi manusa, boh sacara lisan atawa tulisa. Tapi, fungsi ieu geus ngawengku lima fungsi dasar anu disebut ku Kinneavy *fungsi ekspresi, fungsi informasi, fungsi eksplorasi, fungsi persuasi, jeung fungsi entertainmen.*

Komponén Tata Basa

- Dina tata basa linguistik generatif transformasi, diwangun ku tilu komponén nya éta komponén sintaksis, komponén semantik, jeung komponén fonologi.

Komponén Tata Basa

- Dina tata basa linguistik generatif transformasi, diwangun ku tilu komponén nya éta komponén sintaksis, komponén semantik, jeung komponén fonologi.


➤ Komponén Sintaksis

- Sintaksis téh nya éta susunan jeung organisasi kecap-kecap (leksikon) anu ngawangun frase atawa kalimah dina hiji basa numutkeun aturan atawa rumusan dina jero basa éta.
- Fungsi utamana sintaksis nya éta nangtukeun hubungan antara pola-pola sora basa éta kalawan makna-maknana ku cara ngatur urutan kecap - kecap anu ngawangun frasa atawa kalimah éta sangkan luyu jeung makna anu dipiharep ku panyaturna.

➤ *Mang Junanta nanggung paré.*

1	K (kalimat)			
2	FN			
3	N	N	V	N
4	Mang	Junanta	Nanggung	paré

Diagram Pohon



FAKTOR-FAKTOR ANU MANGARUHAN MA'NA HIJI KALIMAH

- makna léksikal kecap anu ngawangun kalimah,
- susunan kecap dina kalimah,
- intonasi, cara kalimah diucapkeun atawa dituliskeun,
- kontéks situasi tempat kalimat éta diucapkeun,
- kalimat saméméh jeung sanggeus nu nuturkeun kalimah éta, jeung



Conto Komponén Semantik

Ucing ngadahar beurit paéh, maké intonasi
saperti di handap bakal béda ma'nana.

- *Ucing/ngadahar beurit paéh*
- *Ucing ngadahar/beurit paéh*
- *Ucing ngadahar beurit/paéh*

➤ Komponén Fonologi

- Kecap **[baraŋ]**, **[balanŋ]**, **[b ranŋ]**, **[paraŋ]**, **[palaŋ]**, jeung **[pðraŋ]** diucapkeun, katitén yén tina tilu kecap mimiti aya sora **[b]** dina awal kecapna, dina kecap satuluyna aya sora **[p]** dina awal kecapna, tina kecap mimiti jeung nu kadua sorana ampir sarua. Sedengkeun anu bédana dina kecap anu kahiji nya éta sora **[r]**, ari dina kecap nu kadua mah nya éta sora **[l]**. Kecap kahiji jeung katilu sorana ampir sarua; anu ngabédakeuna aya dina sora anu kadua. Kecap kahiji sorana **[a]**, sedengkeun dina kecap katilu sorana **[ð]**. Lamun ku urang bandingkeun kecap **[palaŋ]**, jeung kecap **[pðraŋ]**, urang bakal manggih dua sora anu bédha, nya éta dina kecap **[palaŋ]**, dina sora kadua jeung katilu nya éta **[a]** jeung **[l]**. Sedengkeun dina kecap **[pðraŋ]**, anu bédha téh nya éta dina sora **[ð]** jeung **[r]**. Sora-sora anu ngawangun ieu kecap disebut unit sora atawa segmen fonetik (fon).



HATUR NUHUN